



PEMERINTAH KOTA DEPOK  
DINAS PENDIDIKAN

ULANGAN KENAIKAN KELAS  
SEKOLAH MENENGAH PERTAMA (SMP)  
Tahun Pelajaran 2011/2012

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda  
Kelas : VII (Tujuh)  
Hari, Tanggal : Jumat, 15 Juni 2012  
Waktu : 90 menit

PETUNJUK :

1. Disediakan Lembar Jawaban Komputer (LJK)
2. a. LJK dipergunakan untuk jawaban Soal Pilihan Ganda:
  - b. Tulislah dengan jelas : Nama Anda, Nomor Peserta Anda, Sekolah Asal, Tanggal Ulangan Kenaikan Kelas , Jam ke, Tanda tangan, dan menghitamkan bulatan kecil pada LJK sesuai dengan petunjuk.
  - c. Jawaban dikerjakan dengan cara menghitamkan bulatan kecil sesuai dengan jawaban yang Anda anggap benar.
  - d. Apabila ada jawaban yang keliru dan Anda ingin memperbaikinya, hapuslah jawaban yang keliru itu dengan menggunakan karet penghapus pensil, kemudian hitamkan bulatan kecil lain sesuai dengan jawaban yang Anda anggap benar.
  - e. LJK jangan sampai rusak,basah atau kotor
3. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya.
4. Laporkan kepada Pengawas Ulangan Kenaikan Kelas kalau terdapat tulisan yang kurang jelas, rusak atau jumlah soal kurang.
5. Jumlah soal sebanyak : Pilihan ganda 40 soal, Uraian 5 soal
6. Dahulukan menjawab soal-soal yang Anda anggap mudah
7. Mintalah kertas buram kepada pengawas Ulangan Kenaikan Kelas, bila diperlukan
8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum Anda serahkan kepada pengawas Ulangan Kenaikan Kelas.

SELAMAT BEKERJA

I Pilihan Ganda

WACANA

Cai Laut Asin

Naon baé nu dipikahayang ku Ujang, sebutkeun baé bari nyebut “Tutu...! tutu...! tutu...! ...tilu kali,” ceuk aki-aki téh, “Engké haluna nutu sorangan, sarta naon anu dipikahayang téa, tangtu kaluar tina jero lisung. Ngeureunkeunana, lisungna ku Ujang kudu diasupan taneuh saeutik, tangtu haluna eureun sorangan.”

Saméméh Ki Jani nganuhunkeun, aki-aki téh geus ngiles mantén.

Gancangna carita, ayeuna Ki Jani geus beunghar. Najan kitu, manéhna henteu pindah pileumpangan, tetep resep nulung ka nu butuh nalang ka nu susah.

Barang Ki Jana ngadéngé adina beunghar lantaran boga jimat lisungan, manéhna sirik, sarta boga niat jahat, hayang miboga éta jimat.

Dina hiji peuting Ki Jana datang ka imah Ki Jani. Ku Ki Jana dicaritakeun ka lanceukna, carana ménta naon baé kana jimat lisungan téa. Éta lisungan téh ku Ki Jana terus dibawa minggat ka alas peuntas.

Sakali mangsa dina kapal geus taya uyah, tuluy Ki Jana ménta kana jimatna, “Tutu...! Tutu...! Tutu...! Uyah...!”. Burial uyah

bijil tina lisungan, teu eureun-eureun. Ras Ki Jana inget, henteu mawa taneuh keur ngeureunkeunana. Ahirna kapalna kalebu, lantaran pinuh teuing ku uyah. Jelema dina éta kapal kabéh tituleum.

Dicuat tina RINÉKA BASA Kelas VII Seméster II

1. Palaku dina dongéng di luhur téh nyaéta....
  - A. Jana, Jono, jeung aki-aki
  - B. Jana, Jani, jeung Jono
  - C. Jana, Jani, jeung aki-aki
  - D. Jana jeung Jono
2. Dongéng di luhur téh nyaritakeun....
  - A. asal-muasal cai laut asin
  - B. Jana jeung Jani dagang uyah
  - C. asal-muasal uyah
  - D. aki-aki anu nyieun uyah
3. Karakter Jani dina éta dongéng téh....
  - A. jahat
  - B. bageur
  - C. korét
  - D. sompong

4. Lantaran kurang ngarti kana pangajaran, barudak...ka guruna.  
Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur téh nyaéta....  
 A. padahayang  
 B. padanyaho  
 C. padanulis  
 D. padananya
5. Siswa nu pinter téh dipikaresep ku....  
 A. padatamu  
 B. paraguru  
 C. paratamu  
 D. padaguru
6. Tina pindah ka Bandung. Ayeuna sok ... jeung babaturanna anu aya di Dépok.  
Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur téh nyaéta....  
 A. silihtulungan  
 B. silihtiron  
 C. silihsuratan  
 D. silihtoél
7. **ANAK ADAM**  
Anak Adam anjeun di dunya ngumbara  
Hirup anjeun di dunya téh moal lila  
Umur anjeun unggal poé dikurangan  
Beurang peuting umur anjeun dicontangan  
  
Nu dimaksud anak Adam téh nyaéta....  
 A. malaikat  
 B. jin  
 C. manusia  
 D. sétan
8. Beurang peuting umur anjeun dicontangan.  
Kecap dicontangan ngandung harti....  
 A. ditambahan  
 B. digedéan  
 C. dileutikan  
 D. dikurangan
9. Infak anu dikumpulkeun téh rék dipaké ngawangun masjid.  
Kecap serepan tina basa Arab dina kalimah di luhur nyaéta....  
 A. waragad, pikeun  
 B. masjid, infak  
 C. tina, infak  
 D. ngawangun, mesjid
10. Budak éta mah dijauhan ku babaturanna, sabab boga sipat...  
 A. gedé hulu  
 B. méja héjo  
 C. amis cau  
 D. kuping gajah
11. Daun... mah sok dijieuun ubar.  
Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur téh nyaéta....  
 A. kuping gajah  
 B. hampang birit  
 C. gedé hulu  
 D. kumis ucing
12. Kalimah anu merenah keur ngagambarkeun kaayaan Depok jaman baheula nyaéta....  
 A. Hawana masih kénéh seger, sabab loba kebon anu pinuh ku tatangkan  
 B. Loba kendaraan anu nyababkeun kamacétan.  
 C. Jumlah penduduk nu beuki nambahna nyababkeun Depok beuki ramé.  
 D. Tatangkan geus loba nu dituar, hawa jadi panas.
13. Pikeun ngurangan polusi hawa anu dilantarankeun ku haseup kandaraan. Pamaréntah geus narékahan ku cara ngaganti bahan bakar ku...  
 A. minyak kalapa  
 B. BBM  
 C. BBG  
 D. minyak tanah
14. Béntang di langit... nambahna kaéndahan peuting.  
Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur téh nyaéta....  
 A. ngahariring  
 B. tingkariceup  
 C. gugupay  
 D. ngabangingik
15. Dangdaunan siga nu... katebak angin.  
Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur téh nyaéta....  
 A. ngahariring  
 B. tingkariceup  
 C. ngabangingik  
 D. gugupay
16. Sajak "Lalaki Di Tegal Jurit" nyaritakeun....  
 A. Lalaki nu mulang ti pangperangan dina kaayaan tanpadaksa.  
 B. Pahlawan nu gugur di pangperangan.  
 C. Lalaki nu mangkat ka médan perang.  
 D. Pahlawan "tak dikenal".
17. Abdi téh nuju kirang séhat, janten teu mios ka kantor.  
Maksudna tina frasa *kirang séhat* nyaéta....  
 A. pinter  
 B. bodo  
 C. gering  
 D. kedul
18. Alat kasenian anu biasana dipaké dina marawis nyaéta...  
Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur téh nyaéta....  
 A. rebab  
 B. rebana  
 C. goong  
 D. kacapi
19. Anu tembang Cianjurana biasana dipirig ku ... jeung suling.  
Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur téh nyaéta....  
 A. rebab  
 B. rebana  
 C. kacapi  
 D. kendang

## WACANA

### Nyieun Tapé Uli

Di wewengkon Dépok mah kadaharan tapé (peuyeum ketan) jeung uli (ulén) téh geus teu bireuk deui. Malah saterusna mah sok disebut tapé uli waé. Éta kadaharan téh bisa disebut kadaharan has Dépok. Salian ti babari nyieunna, bahan-bahanna teu hésé néanganana. Disebut tapé uli téh pé dah geus kitu wé meureun kuduna; lamun aya tapé, geus pasti sok aya uli, jeung sabalikna.

Cara nyieunna kudu sadia heula bahanna. Bahanna keur nyieun tapé nyaéta béas ketan hideung saléter jeung ragi peuyeum sagandu. Ari cara nyieunna nyaéta béas ketan diberesihan heula, bisi aya keusik atawa sérah, ditapi dina nyiru, tuluy diisikan dina boboko. Sanggeus beresih, dikeueuman sapeuting dina baskom. Isukna kudu diisikan deui, terus dituuskeun. Bari ngadagoan tuus, urang kudu nyadiakeun sééng/dandang nu geus dicaiyan, tuluy ditagenkeun dina kompor; baréto mah sok dina hawu. Mun geus sahéng, béas ketan meunang nuuskeun téh diseupankeun.

Dicatat tina RINÉKA BASA Kelas VII Seméster II

20. Kadaharan has Dépok anu geus teu bireuk deui nyaéta....  
A. tapé uli  
B. peuyeum sampeu  
C. tapé sampeu  
D. sangu konéng
21. Bahan-bahan nu biasana dipaké dina nyieun tapé nyaéta....  
A. béas ketan bodas jeung ragi peuyeum  
B. béas ketan hideung jeung ragi peuyeum  
C. béas jeung ragi peuyeum  
D. kacang héjo jeung ragi peuyeum
22. Béas ketan anu geus diberesihan téh tuluy dikeueuman sapeuting dina....  
A. nyiru  
B. sééng  
C. boboko  
D. baskom
23. Béas ketan téh diseupankeun (dikukus) ngagunakeun....  
A. dulang  
B. baskom  
C. sééng/dandang  
D. nyiru
24. Alat masak anu pungsina sarua jeung kompor nyaéta....  
A. halu  
B. hawu  
C. nyiru  
D. dulang

## WACANA

### Tolé Iskandar

Hidep tangtu geus arapal. Enya, pahlawan ti Dépok téh nyaéta Tolé Iskandar. Éta pahlawan kiwari ngaranna diabadikeun jadi ngaran jalan, nu nepungkeun Jalan Raya Bogor jeung Kota Dépok.

Dina jaman révolusi, di wewengkon Dépok aya pasukan Tentara Keamanan Rakyat anu dipingpin ku Létnan Muda Tolé Iskandar. Teu lila ti harita, Dépok jadi Markas Besar Batalyon I. Pasukananu dipingpin langsung ku Tolé Iskandar.

Tentara Walanda jeung Inggris remen ngagempur kota Dépok, tapi can kungsi hasil bisa ngéléhkeun pajuang ti pihak urang. Malah sabalikna, pasukan anu dipingpin ku Tolé Iskandar kungsi

nyerbu ka tentara Inggris anu ngamarkas di Kalibata jeung Pabrik Ban "Good Year" Bogor.

Dicatat tina RINÉKA BASA Kelas VII Seméster II

25. Pahlawan anu ngaranna diabadikeun jadi ngaran jalan, nu nepungkeun Jalan Raya Bogor jeung Kota Dépok nyaéta....  
A. Mohammad Toha  
B. Teuku Umar  
C. Tolé Iskandar  
D. Mohammad Ramdan
26. Pasukan nu dipingpin ku Tolé Iskandar kungsi nyerbu pasukan tentara Inggris anu markasna aya di....  
A. Kalibata  
B. Kaliurang  
C. Jayagiri  
D. Jagakarsa
27. Sanggeus sarapan... Didi indit ka sakola.  
Kecap panyambung nu merenah pikeun kalimah di luhur nyaéta....  
A. lamun  
B. ngarah  
C. jeung  
D. tuluy
28. Bapa Dadan tetep digawé... keur gering.  
Kecap panyambung nu merenah pikeun kalimah di luhur nyaéta....  
A. tapi  
B. sanajan  
C. lain  
D. yén
29. Anti : "Sakola urang rék ngayakeun karyawisata ka Bali dina bulan Juli 2012."  
Popi : "Ah, béja ti ... éta téh?"  
Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan paguneman di luhur nyaéta....  
A. sabaraha  
B. iraha  
C. saha  
D. naha
30. "Tuh, bumi... bibi mah anu cétna warna biru."  
Kecap sulur anu merenah pikeun kalimah di luhur nyaéta....  
A. pun  
B. tuang  
C. sim  
D. na
31. Buku téh ku kuring disusun... erak, jadi rapih katempona.  
Kecap pangantét nu merenah pikeun kalimah di luhur nyaéta....  
A. ti C. ka  
B. di D. dina
32. Bibi kuring rék pindah ti Depok ... Bandung.  
Kecap pangantét nu merenah pikeun kalimah di luhur nyaéta....  
A. ti C. tina  
B. di D. ka

33. "Abdi mah gaduh nini téh ti pun biang, da ti pun bapa mah tos teu aya. Dupi nini téh linggihna di Jalan Unwim, payuneun terminal beus kota.  
 Kumargi ramé, pun nini téh ngawarung kopi, namina warung "Kopi Abah"  
 Nu ngawarung kopi téh nyaéta....  
 A. pun bapa  
 B. pun biang  
 C. pun nini  
 D. pun bibi
34. Bumi nini téh lokasina aya di....  
 A. Jalan raya Bandung  
 B. peuntaseun warung nasi terminal  
 C. terminal bus Cicaheum  
 D. Jalan Unwim, payuneun terminal bus
35. Kecap rajékan dwi murni dina kalimah di handap nyaéta....  
 A. Jang Asép leumpangna siga *aki-aki*.  
 B. Ulah sok *curat-corét* dina témbok atuh!  
 C. Mun rék *tatanya* kudu ka anu loba kanyaho.  
 D. *Sapeupeuting* kuring teu saré da arateul.
36. Rarangkén tukang –na dina kecap di handap nu ngandung harti boga/milik nyaéta....  
 A. Harga gula sakilona Rp. 6000,-.  
 B. Indit ka Bandungna téh poé Saptu.  
 C. Mundingna Abah Juki aya dua puluh.  
 D. Manéhna geus di Perguruan Tinggi.
37. Posyandu téh singgetan tina....  
 A. Pos Nelayan Terpadu  
 B. Pos Pelayanan Terpadu  
 C. Pos Pelayaran Terpadu  
 D. Pos Pendayagunaan Terpadu
38. Kgiatan Posyandu di wewengkon Kampung Baru téh tujuanana pikeun....  
 A. ngaronjatkeun kahirupan masarakat  
 B. ngawanhkeun program di Kampung Baru  
 C. kaamanan di wewengkon Kampung Baru  
 D. ngaronjatkeun kaséhatan masarakat Kampung Baru
39. "Cing... lampu ruang tamu téh, Néng!"  
 Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur nyaéta....  
 A. asongkeun  
 B. hurungkeun  
 C. poékeun  
 D. béjakeun
40. "Cing (asup) hayam téh kana kandang!"  
 Rarangkén tukang nu bener pikeun kecap dina jero kurung nyaéta ....  
 A. –keun  
 B. –eun  
 C. –ng  
 D. –an

## II. ESSAY

Jawablah pertanyaan di bawah ini dengan baik dan jelas!

41. Sebutkeun 3 rupa ngaran pakakas urang Sunda!
42. Jieun kalimah maké kecap-kecap di handap!  
 a. béjakeun  
 b. tutupkeun  
 c. sapukeun
43. Sebutkeun 3 alat musik anu bahan utamana tina awi!
44. Robah kecap-kecap di handap jadi kecap rajékan dwimurni!  
 a. gunung  
 b. beurang  
 c. baju
45. Di sakola kuring nu anyar mah loba muridna. Kelas tempat kuring diajar kacida beresihna. Ruanganna lega, kuring jadi betah.  
 Téangan kecap-kecap nu ngandung rarangkén tukang (ahiran) –na!